

22 avril 2022

Pou fanmi ayisyen nou an,

Jodia, se avèk anpil tristess ke n ap rapòte ou lanmò Doktè Rodrigue Mortel.

Yon fòs pwisan nan lavi anpil moun, soti nan Ayiti rive nan Etaznini, soti nan Sen Marc rive nan Filidèlfi, moun atravè mond lan pral santi absans sa a.

Nenpòt moun ki te kwaze Doktè Mortel te konnen kijan li renmen Ayiti, kijan li kenbe Sen Marc nan kè l.

Doktè Mortel te dedye dezyèm pati nan lavi li nan bati yon sistèm edikasyon ki kapab sèvi ni timoun ni granmoun nan St Marc.

Li te kwè fidèlman ke edikasyon te kapab kreye yon lavi miyò pou kominote l', ke se sèlman atravè edikasyon ke kominote li a ava fleri.

Li te renmen nou tout bon, moun St Marc.

Nan ane k ap vini yo, nou pral santi enpak lanmou sa a atravè eritaj lekòl li yo ak relasyon li te bati avèk nou tout.

Nou pa gen ase mo pou nou eksprime tristès nou oswa rekonesans nou paske nou te konnen yon moun tankou Doktè Mortel.

Avèk èd ou, nou vle kontinye onore vizyon li pou yon avni pi briyan an Ayiti. Avèk gras Bondye, n ap kontinye eritaj Doktè Mortel nan edike epi ede moun ki pi bezwen yo.

Pitit fi Dr Mortel, Denise Mortel Mitchell, pran wòl Prezidan Fondasyon an. Paske li te sèvi ansanm ak Mortel pandan plizyè ane, nou gen konfyans ke li pral dirije òganizasyon an nan yon fason ki pral toujou onore ak defann eritaj yon lidè, konseye, doktè, zanmi, mari ak papa tankou pa l.

Nou pral kominike detay sèvis finere yo lè yo disponib.

Si w ta renmen pataje yon istwa sou fason Doktè Mortel te chanje lavi w, tanpri voye l sou info@mortelhhh.org.